
# PILL
## (Woman Medicine)



PIDGIN



**Dis man an im wife dey diskus di wahalla wey dey if person get plenty pikin.**




Nurse come dea house to tell dem as person fit get pikin only when e wantam. E come show dem di pill wey go make dem no get belle when dem no wantam.






Di man and im wife come go famili planning klinic to see di nurse.



Di nurse come show am di diffrent things wey fit make woman no get belle when time nefer reach to get anoda pikin. Di woman say na di pill im like.






Doctor come test the woman to make sure say na di pill go good foram.




Di nurse come give di woman im first paket of di pill. She come tell di woman to start to take di pill di day wey be five days wey e don begin see im time.






Di woman and im husband come keep di pill for di place wey pikin hand no go fit reach.




For the effenin of the five days wey im time start, di woman come take di first pill with water.






For di evening of di next day, e take anoda one, for the third day, e take anoda one, na so she go dey take one pill efery day so tey e finish di paket.




When e remain small make the pill finish, di woman go go collect more pill. If she reach di klinic, dem go test am bifor dem giffam anoda paket wey go stay one month.






When di woman don finish di 28 pill wey dey for di first paket, she go begin dey use di pill wey dey for di second paket.



Woman wey dey use pill no go get any trouble when e dey do im daily work.





When di woman don finish di pill wey dey inside di first and second paket, she go begin take di ones wey dey inside di third paket. She go dey take one pill efery evening with water.




Some woman fit dey get headache, abi dem feel like to vomit or even get some pain for belle. Some even fit dey see blood small small (like say dem wan dey for dea time) dis small trouble no go cos fear becos e go go after.
Any woman wey de see dis kind trouble after 3 months, make e go report for di klinic make dem look wettin de happen an tellam wettin e go do.






If di woman forget to take im pill for effenin, make e takam for di next morning. For di same effenin make e take di pill as she dey takam bifor.




If woman forget to take im pill for two days wey follow each oda, e suppose to go back to di klinic where dem go tellam wettin she go do. But bifor she go back to di klinic, make she take two pill and continue to take di pill as she dey do bifor. For dis time, e good make she use anoda thing like say make im man use Kondom (roba) or make she herself use foam.





Di famili go dey happy if di woman continue to take di pill becos pikin go come only the time mama and papa don redi for get anoda one.



Now, mama and papa don begin think say dem wan get anoda pikin.





Di wife don finish im last paket of pill and e no take again.



Di last pikin don grow proper and efery body happy now becos oga wife don get belle. Di pill wey she take bifor no go worry di pikin wey dey inside im belle at all-at all.

PL NGA 77

Planned Parenthood Federation of Nigeria